

Pwogram H-2B pou travayè tanporè ki pa agrikòl

Ki sa viza H-2B a ye?

Viza H-2B a se yon pwogram viza non-imigran ki pèmèt patwon ameriken yo fè vini sitwayen etranje nan peyi Etazini pou ranpli travay tanporè oswa sezonye nan tout sektè, sof agrikilti, pou ki travayè ameriken yo pa disponib. Travay sa yo ka gen ladan aktivite sezonye nan zektè tankou transfòmasyon fwidmè, akèy, konstriksyon, jaden ak forè.

Pou konbyen tan yon travayè ki gen viza H-2B a ka rete Ozetazini ?

Citizenship and Immigration Services (USCIS oswa Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon) Etazini bay yon viza H-2B an jeneral pou 10 mwa oubyen pou pi piti tan, apre sa travayè a dwe retounen nan peyi orijin li. Si patron an vle travayè a retounen lane annapre a, li ka mande USCIS pou renouvle viza a. Li posib tou pou yon travayè chanje patwon H-2B tan li toujou Etazini ak fè yo prolonje dire viza li a pou yon peryòd tanporè.

Èske kantite viza H-2B a gen yon limit?

Wi. Sou kantite an tou viza H-2B ki bay chak ane, 66 000 viza se limit pou tout pwogram nan. Men pa gen limit nan kantite viza sa yo ke chak peyi ka jwenn. Nan ane fiskal 2011 la, limit la pat atenn. Se 50 826 viza H-2B ki te bay an tou nan tout peyi ki kalifye yo. Yo pa ka repòte kantite viza H-2B ki rete yo pou ane fiskal annapre a.

Ki jan pwosesis la fonksyone?

Pou mande yon viza H-2B, yon travayè dwe genyen yon òf travay ki soti nan men yon patron ameriken. Patron ameriken yo plis travay ak rekritè peyi etranje yo ki idantifye travayè ki gen konpetans nesèsè pou fè travay la. Rekritè yo ede travayè yo rasanble dokiman epi ranpli fòm pou jwenn yon viza. Dapre lalwa ameriken, li entèdi pou patwon oswa rekritè yo fè travayè yo peye frè depasman.

Etap sa yo bay yon apèsi ki jan pwosesis la ye:

- **Etap 1:** yon patwon ameriken depoze yon demand nan "Department of Labor" (Ministè travay) nan peyi Etazini pou montre ke pa gen okenn travayè ameriken ki kapab, ki vle, ki kalifye ak ki disponib pou fè travay la. Si demande la apwouve, patwon an resevwa yon "sètifika travay tanporè."
- **Etap 2:** Anplwayè a depoze Fòm I-129 la, demand travayè non-imigran, nan USCIS, k ap chache travayè H-2B ak li ka presize nan ki peyi travayè a dwe sòti. Demand la ka idantifye oswa pa idantifye non chak grenn travayè.
- **Etap 3:** Lè Fòm I-129 la apwouve, travayè potansyèl ki an deyò Etazini yo fè yon demand viza H-2A non-imigran nan anbasad oswa konsila peyi Etazini aletranje.

Ki sa travayè potansyèl la dwe konnen sou pwosesis la nan Konsila Etazini a?

Travayè potansyèl la dwe pran yon randevou pou jwenn yon viza nan konsila Etazini a, souvan ak èd yon rekritè. Nan moman antretyen a, aplikan an dwe montre ofisye konsila a ke li kalifye pou fè travay yo mande a, li gen lyen ase ak peyi orijin li epi li pa pwal depase dire ki otorize pou rete ak viza a. Konsil la pwal gen chans poze kesyon sou fanmi aplikan an (sitou mari oswa madanm li ak timoun) k ap viv nan peyi orijin li, istwa travay, byen ak biznis li yo, epi resous finansye li. Aplikan an dwe fè antretyen an pou kont li epi san asistans lòt moun, tankou patwon an, rekritè a, yon avoka oswa yon manm nan fanmi l.

Ki kote yo ka jwenn plis enfòmasyon sou patwon k ap anboche travayè H-2B?

Done yo ki pi resan sou posibilite travay nan kad pwogram H-2B a disponib sou sit entènèt sa a:

<http://www.foreignlaborcert.doleta.gov/quarterlydata.cfm>.

Done istorik sou posibilite travay gras ak pwogram H-2B a disponib sou sit entènèt sa a:

<http://www.flcdatacenter.com/CaseH2B.aspx>.

Ki depans patwon k ap anboche travayè H-2B fè?

Patwon k ap anboche travayè H-2B pran an chaj souvan frè transpò ale tounen travayè a nan peyi orijin li, men pa responsab kote pou l dòmi. DOL (Ministè travay) te pwopoze anpil chanjman nan pwogram lan, enfòmasyon ki bay nan fèy enfòmasyon sa a kapab chanje.

Ki salè travayè a resevwa ?

Salè yo ka chanje akòz anpil faktè, ki gen ladan patwon an, sektè a, ki kalite ak kote l ap travay, men gouvènman ameriken an kontwole montan salè a dapre sa lòt travayè k ap fè menm travay la resevwa. Travay yo dwe tanporè, plen tan ki dire pou pi piti 35 è chak semèn.

Èske gen yon laj pou pi piti oswa pou pi plis pou travayè H-2B yo?

Menm si laj pou pi piti a ka varye dapre ki kalite travay ak restriksyon gi genyen nan lwa sou travay ak Eta yo, travayè H-2B yo souvan genyen pou piti 18 lane. Pa gen limit laj maksimòm pou travayè yo. Men, moun yo dwe gen kapasite fizik pou fè travay yo mande a.

Èske viza H-2B a ap pèmèt travayè a gen yon "kat vèt" (rezidans pèmanan) oswa sitwayènte amerikèn?

Non. Dokiman H-2B a se yon viza non-imigran ki bay pou yon tan limite. Li pa mete travayè a sou wout ki mennen nan rezidans pèmanan nan peyi Etazini oswa sitwayènte amerikèn.

Èske mari, madanm oswa timoun yon travayè H-2B ka jwenn yon viza pou Etazini?

Mari, madanm oswa timoun ki pa marye (ki poko gen 21 lane) yon travayè H-2B ka mande yon viza non-imigran H 4-, men patwon yo pa asire depans ni pou vwayaj oswa kay pou manm fanmi an. Moun ki gen viza H-4 viza yo pa gen dwa travay Ozetazini men yo ka ale lekòl.

Resous pou plis enfòmasyon:

• Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (US Citizenship and Immigration Services -USCIS) **(www.uscis.gov)**

o Apèsi pwogram H-2B a : <http://1.usa.gov/yNsAi>

o Fòm I-129, Aplikasyon travayè non-imigran travayè a: <http://1.usa.gov/10VcN>

o Gen kèk frè travayè H 2 ka pa peye:

<http://1.usa.gov/nt5upD>

• Depatman Travay Ameriken (Department of Labor)

o Apèsi sou rekritman travayè etranje

<http://www.foreignlaborcert.doleta.gov/hiring.cfm>

o Apèsi sou Atestasyon H-2B travay tanporè ki pa agrikòl yo

<http://www.foreignlaborcert.doleta.gov/h-2b.cfm>

o Kesyon yo poze souvan sou sètifikasyon travayè etranje H-2B :

<http://www.foreignlaborcert.doleta.gov/faqsanswers.cfm#gotoh2>

o Fèy enfòmasyon n° 78E : Lè travay yo ak garanti(3/4) nan kad pwogram H-2B a (fevriye 2012):

<http://www.dol.gov/whd/regs/compliance/whdfs78f.pdf>

o Fèy enfòmasyon n° 78F: Depans tranpò ale ak tounen, frè viza ak

lòt depans ki fèt nan kad pwogram H-2B (fevriye 2012):

<http://www.dol.gov/whd/regs/compliance/whdfs78f.pdf>

o Fòm Sètifikasyon travayè etranje:

<http://www.foreignlaborcert.doleta.gov/form.cfm>

• Depatman Deta Ameriken

o Viza travayè tanporè yo:

http://travel.state.gov/visa/temp/types/types_1271.html

o Fòm DS-160 – Aplikasyon sou entènèt viza non-imigran:

http://travel.state.gov/visa/forms/forms_4230.html

o Feyè sou dwa ak pwoteksyon travayè tanporè yo (ki disponib an

Anglè ak kreyòl) http://travel.state.gov/visa/temp/pamphlet/pamphlet_4578.html

• Pou Kontakte anbasad amerikèn nan Pòtoprens, Ayiti:

h2nivpap@state.gov